

## Krabye yo an Danje



*Yon krabye*

**Kesyon Esansyèl:** Kòman savan yo te rive ede krabye yo siviv?

Lontan te gen anpil krabye nan Amerik Dinò. Men gen moun ki te kòmanse fè zwazo sa yo lachas. **Kiltivatè** ak devlopè **imobilye** pran kontwòl marekaj kote zwazo sa yo te konn viv. Lè sa a, krabye yo vin pa gen kote pou yo viv ankò. An 1941, te gen sèlman 15 ladan yo ki te rete. Lavi krabye yo te an danje. Yo tout te prèske fin disparèt.

Se konsa gen kèk savan ki te deside pou pote krabye yo sekou. Yo **pwoteje** kèk ti grenn krabye ki te rete nan Texas. Ak ti rès krabye sa yo, yo vin rive gen nouvo krabye nan Wisconsin. Savan yo te leve onz ti krabye nan nouvo kote a. Yo te oblije sèvi kòm paran ti krabye yo. Savan yo te **oblije** montre ti krabye yo tout bagay, menm aprann vole! Savan yo sèvi ak poupe pou travay ak zwazo yo. Yo sèvi ak yon avyon espesyal pou mennen yo nan yon nouvo kote pou yo rete. Kounye a, krabye yo gen yon chans pou yo kontinye **egziste**.

Non: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Ide Prensipal:



Detay:



Detay:



Detay:

